

1^{er} novembre 2009

Élection Montréal

ville.montreal.qc.ca/election

Gid pou moun k ap vote

Presidan eleksyon an nan Vil Monreal la vle fè ou konn dwa ou

Èske ou kapab vote?

Pou ou kapab vote, fok non ou enskri sou lis elektoral la, lèfini fok, jou eleksyon an, ou reponn a kondisyon sa yo :

1. Ou gen 18 an oubyen plis;
2. Ou se sitwayen kanadyen;
3. Ou ap viv nan Kebèk depi 6 mwa.

Èske non ou enskri sou lis elektoral la?

Pou ou konnen sa, ou kapab jis verifye anons enskripsyon ou resevwa lakay ou a.

Kouman ou ka fè enskri non ou sou lis elektoral la?

Fòk ou prezante ou nan biwo revizyon an pou mande enskri non ou, osnon korije non ou nan lis elektoral la. Yon fanmi ou, mari ou, madanm ou osnon yon moun ki abite lakay ou kapab fè sa nan plas ou. Fòk ou prezante 2 pyès idantite lè ou ap fè demann nan, sinon y ap refize fè l.

1e pyès idantite :

Premye pyès sa a dwe gen non ou ak dat fèt ou. **Egzanp** : Sètifika nesans, kat asirans maladi, paspò kanadyen

2e pyès idantite :

Dezyèm pyès la dwe gen nou ou ak adrès ou. **Egzanp** : Pèmi kondui, bòdwo telefòn osnon elektrisite.

Ki kote biwo revizyon an ye?

Ou ap jwenn ni adrès biwo revizyon an, ni ki jou, a ki lè l ap ouvri, nan anons ou resevwa lakay ou a.

Ki kote ak ki lè pou ou al vote?

Kèk jou anvan eleksyon an, ou apral resevwa yon kat pou fè ou sonje al vote nan dat ak kote ou dwe vote a. Jou eleksyon an, ale nan adrès yo voye ba ou a ant 10è dimaten e 8è nan aswè. Ou kapab vote anvan jou eleksyon ofisyèl la tou. Ou ap jwenn adrès, jou, lè biwo vòt ou a ap ouvri nan anons enskripsyon ou resevwa lakay ou a.

Kouman pou ou vote?

1e etap : responsab biwo vòt la ap verifye enskripsyon ou sou lis elektoral la

2e etap : ou ap prezante yon pyès pou ou idantifye ou.

3e etap : y ap renmèt ou bilten vòt yo.

4e etap : ou apral dèyè kachèt la, kote ou ap ka vote an sekrè, san moun pa pa wè.

5e etap : lè ou fin chwazi kandida ou yo, ou rebran direksyon tab la.

6e etap : ou ap depoze bilten vòt la nan bwat bilten an pou kò ou.

Enpòtan! Pou ou vote, ou fèt pou ou prezante yonn nan dokiman nou pral site la a pou ou ka bay prèv idantite ou:

- 1- Kat asirans maladi ou;
- 2- Pèmi kondui ou;
- 3- Paspò kanadyen ou;
- 4- Sètifika ou kòm Amerendyen;
- 5- Kat idantite ou nan Lame kanadyen (Forces canadiennes).

Ou gen kesyon ou ta vle poze?

- Ale sou sit entènèt nou : www.ville.montreal.qc.ca/election
- Pran kontak ak nou nan nimewo sa a : 514-872- VOTE (8683)
- Ekri nou nan adrès : election@ville.montreal.qc.ca

Tout moun ki soud ou kipa ka tandé byen ka konpozé niméwo téléfòn sa: **514-872-0679**

Manuel de l'électeur version simplifiée – Créole

Sous : Direktè jeneral eleksyon an nan Kebèk